



**PENILAIAN SUMATIF AKHIR SEMESTER (PSAS) GENAP
TAHUN PELAJARAN 2023-2024**

Mata Pelajara : Bahasa Jawa
Kelas : VII (Tujuh)

Hari / Tanggal : Selasa, 4 Juni 2024
Waktu : 07.30 – 09.00

I. Pilihana wangsulane kanthi menehi tandha silang (X) ing aksara A, B, C utawa D kang paling bener!

1. Teks utawa wacana kang isine nggambarake kanthi cetha sawijining kahanan (objek), objek mau kaya-kaya ana ngarepe wong kang maca, diarani ...
 - A. teks eksposisi
 - B. teks narasi
 - C. teks deskripsi
 - D. teks persuasi

2. Jenis-jenis teks deskripsi:

1. Objektif
2. Konjungsi
3. Subjektif
4. Argumentasi

Teks deskripsi kaperang dadi 2 jenis, yaiku

- A. 1, 2
- B. 2, 3
- C. 1, 3
- D. 2, 4

3. “Saya mlebu menyang wilayah Malaysia, kahanan saya rame. Ing Serian, Negara bagian Serawak, Malaysia wetan, panguripane warga katon makmur. Babar pisan ora katon *perkampungan kumuh* ora nana papan-papan kang rungsep, ora ana uwuh kang dibuang ing kali, kaline katon resik.”
Pethikan ing dhuwur kalebu teks deskripsi...

- A. objektif
- B. konjungsi
- C. subjektif
- D. argumentasi

Teks kanggo nggarap nomer 4-7

Plesir Menyang Pantai Teluk Penyu

Kaya dene papan wisata liyane, Teluk Penyu iki wujud sawijining pantai ing segara kidul. Pantai Teluk Penyu mapan ing Kabupaten Cilacap, Jawa Tengah. Minangka pantai, Teluk Penyu saben dinane rame saka wong kang padha plesir.

Pantai Teluk Penyu dadi jujugan wisata alam kang ana ing Cilacap. Ing pantai kasebut akeh wedhi putih, lan banyu segara kang biru.

Kajaba iku, nalika ana ing Teluk Penyu, bakal weruh Pulo Nusakambangan kang edi peni. Wit-witan kang thukul ing pinggir segara nambah endahing papan wisata kasebut.

Ana uga kapal-kapal nelayan lan kapal gedhe kang padha teka ing pelabuhan. Kejaba iku uga ana prau kang bisa ditumpaki dening para pelancong menyang Pulo Nusakambangan. Swasana segara kidul pancen nengsemake. Gawe kepincut sapa bae kang padha plesir ing papan iku.

4. Irah-irahan wacan ing dhuwur yaiku ...
 - A. Plesir Menyang Pantai.
 - B. Wisata Pantai Ing Jawa Tengah.
 - C. Wisata Pantai Teluk Penyu.
 - D. Plesir Menyang Pantai Teluk Penyu.
5. Papan wisata Pantai Teluk Penyu ana ing ...
 - A. Kabupaten Cilacap, Jawa Tengah.
 - B. Segara kidul.
 - C. Nusakambangan.
 - D. Jawa Tengah.
6. Nalika ana ing Teluk Penyu bakal weruh ...
 - A. Pulo Nusakambangan.
 - B. Gunung Kidul.
 - C. pasir putih.
 - D. wit-witan
7. Ing ngisor iki kang kalebu isi wacan ing dhuwur yaiku ...
 - A. Teluk Penyu ora akeh wedhi putih.
 - B. Teluk Penyu wisata kang ora rame.
 - C. Swasana ing segara kidul panas.
 - D. Ana kapal-kapal kang padha teka ing pelabuhan

Ing India versi basa Sansekerta, Ramayana kapérang dadi pitung **kitab Saptakanda**, antarane yaiku ana ing ngisor iki:

1. Balakandha : Nyritakake nalika Prabu Rama isih timur
 2. Ayodyakandha : Prabu Rama dedunung ing Ayodya kaliyan Dewi Sinta
 3. Aranyakakandha : Sugriwa ing guwa kiskendha mitulungi Rama
 4. Kiskendhakandha : Rama lan sinta dedunung ing alas kandherekaken kadangipun Laksmiana.
Dene Dewi sinta dipuncidra dening Rahwana.
8. Saka katrangan ing dhuwur jenis lan tegese kang bener nomer ...
 - A. 1 lan 2
 - B. 1 lan 3
 - C. 2 lan 3
 - D. 2 lan 4

9. Salah sijine cerita wayang yaiku cerita Ramayana, Ramayana asale saka basa Sanskerta Rāmāyana. Sing asale saka tembung
- A. Rama lan Yana
 - B. Ramaya lan Yana
 - C. Rama lan Ayana
 - D. Lelakone Rama

Wacan kanggo nggarap soal nomer 10 – 13

“Laire Raden Rama Wijaya”

Rama Wijaya lair ing nagari Ngayodya wonten ingkang jumeneng Ratu, ajejuluk Dasarata, sudibya saha mungkul dhateng ing agami, putus dhateng ing sastra, tuwin dhateng sawarnining kawruh, asih dhateng para abdinipun, ingkang tan pegat asring kaganjar.

Wondening ingkang kagalih amung isarat, ingkang kengingan dadosaken karaharjaning nagarinipun. Sang nata kagungan garwa tetiga, anama Dewi Ragu utawi Sukasalya, kalih Dewi Sumitra, tiga Dewi Kekayi.

Prabu Dasarata boten kagungan putra, saha sanget kapenginipun aputra kakung, ingkang katitisan ing batara Wisnu. Lajeng animbali pandhita satunggal, anama bagawan Wasisa, kakarsakaken ambudi isarat kasembadaning puji sagedipun aputra kakung.

Pamrayoginipun bagawan Wasista sang nata asidhekaha dhumateng para dewa, inggih punika ingkang minangka isarat kadugening karsanipun sang Prabu. Pirembagipun bagawan Wasisa makaten wau lajeng linampahan. Lami lami garwa tetiga wau sami ambobot.

Inggih ingkang ambabar rumiyin Dewi Sukasalya, miyos kakung, kaparingan nama Rama. Anunten Dewi Kekayi ambabar kakung, kaparingan nama Brata. Lajeng Dewi Sumitra aputra kakung, kaparingan nama Laksmna. Boten antawis lami Dewi Sumitra wau ambabar malih kakung, kaparingan nama Satrugna.

10. Saka wacan ing dhuwur, Rama Wijaya mijil ing ...
- A. Ngastina.
 - B. Ngayodya.
 - C. Maespati.
 - D. Mandura.
11. Prabu Dasarata gadhah garwa tiga, ingkang nglahiraken Rama Wijaya yaiku
- A. Dewi Sumitra
 - B. Dewi Kekayi
 - C. Dewi Sukasalya/ Kosalya
 - D. Dewi Sinta
12. Laksmna duwe ibu ingkang asma
- A. Dewi Sumitra.
 - B. Dewi Kekayi.
 - C. Dewi Sukasalya.
 - D. Dewi Sinta.

13. Dewi Kekayi kagingan putra ingkang asma ...
- Laksmana.
 - Rama Wijaya.
 - Bharata.
 - Satrugna.
14. "Raden Rama punika putra kakungipun Prabu ... , raja ing Ayodya kaliyan Dewi Koslaya. Ing satunggaling dinten Raden Rama ngumbara sesarengan kaliyan ingkang garwa, lan ingkang rayi Raden Laksmana,"
- Saka pethikan ing dhuwur, tembung kang trep kanggo ngisi cecek-cecek ing dhuwur yaiku ...
- Dasarata, Dewi Sinta.
 - Kresna, Dewi Sukasalya.
 - Dasarata, Dewi Kekayi.
 - Kresna, Dewi Sinta.
15. Crita cekak iku duwe ciri-ciri lan duwe struktur crita. Salah sijine struktur cerita yaiku menehi gambaran awal utawa wosing cerita kang bakale diwenehke dening pangripta, kang diarani
- orientasi.
 - komplikasi.
 - evaluasi.
 - abstrak.
16. Struktur crita cekak kang ngenalake para paraga lan latar ing cerkak. Latar ing kene bisa arupa latar wektu, swasana utawa kahanan lan uga papan panggonan, diarani
- orientasi
 - koda
 - abstrak
 - komplikasi
17. Unsur-unsur ekstrinsik cerkak
- Latar belakang pangripta.
 - Kahanan lingkungan masarakat
 - Nilai-nilai
 - Swasana, sudut pandang
- Unsur-unsur ekstrinsik cerkak ingkang lepat yaiku
- 1
 - 2
 - 3
 - 4

Wacan kanggo nggarap soal nomer 18 - 21

Tuku Sepeda

Ing sore kang cerah, kejaba Wisnu katon lunggung ono kursi ngarep omahe. Ulate mbesungut, atine katon nggondok. "Buk, bapak dereng rawoh ta? Kok suwe eram." Pitakone Wisnu marang ibune. Ugo tibake wisnu wes dijanjeni bapake arep dijak mlaku-mlaku sore menyang toko

sepedah. Wisnu terus kelingan janji bapak yen dhewek e biso rangking 1 arepe di tumbasne sepedah anyar koyok sing wes dipingini wisnu katon suwe.

"Bapak jek kerjo nu, kayak e bakal muleh rodho telat!", jawab e ibuk. Wisnu nimpali dawuhane ibuk, "Lha bapak wingi pun janji ajenge numbasne aku sepedah anyar lo buk, mosok bapak kesupen ya!". Ora suwe banjur ono suworo motor melbu nek ngarep omah, Wisnu langsung mlayu mastekne yen suworo iku teko motor e bapak e muleh kerjo.

"Hore, Bapak rawuh..... Bapak rawuh.....". Wisnu Sorak-sorak bungah atine. Wisnu sing awale katon lesu, gelisah lan bingung ugo langsung semangat. Dino iki mau Wina tompo rapot lan dilalahe oleh ranking 1. "Pak, sore niki sios tumbas sepedah anyar kagem Wisnu kan?", Wisnu mastekne menyang bapak e.

"Wah, anakku ranking 1 tenan to? Selamat yo le..... ayo gek dang adus terus budal tumbas sepedah", jawabe bapake wisnu. Banjur tanpo basa-basi Wisnu langsung njupuk klambi lan mlaku nak jeding ados. "Sak gebyuran ugo wis cukup-lah kanggo adus sore iki, ben cepet". Batine Wisnu.

18. Latar swasana crita ing dhuwur yaiku

- A. panas.
- B. sejuk.
- C. cerah.
- D. adem.

19. Paraga crita ing dhuwur kang njanjeni tumbas sepedah yaiku

- A. Wisnu.
- B. Bapak.
- C. Ibu.
- D. Pak Guru.

20. "Hore, Bapak rawuh..... Bapak rawuh.....". Saka pethikan ing sampung, tembung rawuh tegese

- A. teka.
- B. lunga.
- C. tumbas.
- D. kerja.

21. Isi crita ing dhuwur yaiku

- A. Wisnu arep ditumbasne sepedah menawa ringking 1.
- B. Ibu arep numbasne sepeda Wisnu menawa ringking 1.
- C. Wisnu sabar nunggu bapak rawuh.
- D. Wisnu langsung mlaku mastekne bapake rawuh.

22. "Guneman antarane wong siji lan liyane lan kudu nggatekake unggah-ungguh basa. Sakliyane iku, uga kudu ngerti subasita utawa tata krama anggone ngomong aja seru-seru, sing penting wong sing diajak guneman bisa ngrungokake kanthi cetha. Pandelenganmu aja neng ngendi-

ngendi, nanging kudu ndeleng sapa sing diajak ngomong. Iku ateges ngormati wong sing diajak guneman."

Pethikan ing dhuwur yaiku tegese

- A. Sesorah.
- B. pawarta.
- C. pacelathon.
- D. atur-atur.

Wacan kanggo nggarap soal nomor 23 – 24

Bu Yuli : "Sugeng enjing para siswa!"

Murid : "Sugeng enjing, Bu!"

Bu Yuli : "Ayo saiki PR-e diijolke karo sisihe. Ibu bakal nulis ing papan tulis. Kowe mung kari nyoreki endi sing bener!"

Budi : "Sekedhap bu, kula badhe taken. Kanca-kanca menika katah ingkang dereng apal aksara jawi lho. Menapa ngangge cara ngaten kanca-kanca saged apal, Bu?"

Bu Yuli : "Ngapalke kuwi wektune kowe kabeh sing golek. Mestine kelas pitu wis padha apal sebab aksara jawa wis diwulangke wiwit kelas telu SD."

23. Saka wacan ing dhuwur unggah-ungguh basa kang digunaake Budi yaiku

- A. krama inggil.
- B. krama lugu.
- C. ngoko alus.
- D. ngoko lugu.

24. Isi wacan ing dhuwur yaiku

- A. basa jawa wis diwulangke wiwit kelas pitu.
- B. kanca-kanca sampun sami apal aksara jawa.
- C. PR basa jawa dicocokake dhewe-dhewe.
- D. ngapalke aksara jawa wektune golek dhewe-dhewe.

Wacan kanggo nggarap soal nomer 25 – 28.

Bu Ida : "Tumbas!"

Bu Marni : "Inggih, tumbas napa Bu?"

Bu Ida : "Gendhis abrit setunggal kilo pinten Bu?"

Bu Marni : "Sedoso ewu, ajenge mendhet pinten kilo Bu?"

Bu Ida : "Tigang kilo mawon Bu."

Bu Marni : "Inggih, kaleh napa malih Bu?"

Bu Ida : "Sampun, niku mawon."

Bu Marni : "Totalipun tigang dasa ewu."

Bu Ida : "Niki arta kula tigang dasa ewu."

Bu Marni : "Inggih Bu, Suwun. Mbenjeng mriki maleh Bu."

Bu Ida : "Nggih."

25. Guneman ing dhuwur ngomongake bab

- A. tumbas gendhis abrit
- B. regi gendhis awis.
- C. Bu Ida sade gendhis abrit
- D. Bu Marni tumbas gendhis

26. Tembung "gendhis abrit" tegese

- A. gula batu
- B. gula jawa
- C. gula pasir
- D. gula putih

27. Regi gendhis abrit 4 kilo yaiku

- A. 20 ewu
- B. 30 ewu
- C. 10 ewu
- D. 40 ewu

28. Bu Ida blanja gendhis telas arta ... ewu

- A. 30
- B. 20
- C. 40
- D. 50

29.

wignyan		h
layar		r
cêcak		ng
pangkon		aksara mati/ mateni huruf vokal ngarepe

Tabel ing dhuwur nudhuhake jenise sandhangan

- A. wyanjana
- B. panyigeg wanda
- C. swara
- D. aksara jawa

30.

1.	
2.	
3.	

Ukara kang nganggo pasangan "ba" ana ing nomer

- A. 1
- B. 2
- C. 3
- D. ora ana jawabane

31. 1. Siswa ora perlu nggatekake bab kang disemak.

2. Ngeling-eling peprincen saka wacan utawa swara kang disemak.

3. Nyathet bab-bab utawa perangan kang wigati lan ora wigati.
4. Niti priksa lan mandhingake pamanggih lan gawe dudutan.

Bab-bab kang kudu digatekake menawa nyemak wacan deskripsi yaiku

- A. 1 lan 2
- B. 2 lan 4
- C. 3 lan 1
- D. 4 lan 3

32. "Papan wisata Dieng mapan ing Kabupaten Wonosobo lan Dieng uga katelah
Minangka salah sijine papan wisata kang kawentar, Dieng dadi papan wisata kang endah swasanane. Endah pindha kukus gantung, sawangan kang adi luhung. Papane kang dhuwur ndadekake Dieng hawane adhem banget.

Tembung kang mathuk kanggo ngisi ceceg-ceceg ing dhuwur yaiku

- A. Temanggung, negeri awan putih.
- B. Banjarnegara, negeri awan putih.
- C. Temanggung, negri awan putih.
- D. Banjarnegara, negri di atas awan.

33. 1. Nduweni dawa luwih saka 10 ewu tembung.
2. Biasane isine njelasake utawa deskripsikake sawijining prastawa.
3. Cerita fokus marang paraga utama lan pembantu.
4. Para paraga kang ana ing sajroning cerita dideskripsikake kanthi cekak.
Titikane cerkak yaiku ana ing nomer
- A. 1 lan 2
 - B. 2 lan 3
 - C. 3 lan 4
 - D. 2 lan 4

34. Joko : "Ndra aku kok ora tau kepethuk bapakmu limang taun iki, piye kabare?"

Indra : "Bapak lagi ora sehat, Jok."

Joko : "Lha ya gene bapakmu?"

Indra : "Bapak wis krasa saya lungkrah wiwit setaun kepungkur."

Joko : "Merga sing wis sepuh apa merga gerah?"

Indra : "Mbok menawa loro-lorone. Dokter ora bisa nemtokake penyakite bapak nanging yen dakpikir-pikir mbok menawa bapak ora njaga kesehatane kanthi apik pas isih enom."

Joko : "Ya nggenah wae. Njaga kesehatan wiwit awake dhewe isih enom kuwi penting banget."

Indra : "Yakuwi sing kerep dinasihatake bapak marang aku."

Joko : "Muga-muga bapakmu bisa cepet maneh. Salam kanggo bapakmu ya!"

Indra : "Maturnuwun. Mengko dakwelingke salammu marang bapak."

Wangsulan kang bener kanggo ngisi ceceg-ceceg ing dhuwur yaiku

- A. yuswane lan pulih.
- B. mari lan umure.
- C. umure lan mari.
- D. pulih lan umure.

35. ?amitRaupN= km/ mnFik[roasn\,

Pasangan kang digunakake ukara ing dhuwur yaiku

- A. ra , na , an ca
B. ca lan dha
C. ra , na lan da
D. tha, na lan da

Kanggo nggarap soal nomer 36-38

1. කෘතූපාදකෘතාභික්ෂා
2. පාඨානුකෘත්‍යා
3. කෘතූපාදකිඤ්ඤා
4. පාඨානුකූලාභි
5. පාඨකෘතූපාදකෘතාභික්ෂා

36. Tembung nomer 1 menawa diwaca unine

- A. Katon apik
B. Mangan sate
C. Katon endhah
D. Mangan roti

37. Aksara Jawa “ma” ana ing ukara nomer ...

- A. 1 lan 2
B. 2 lan 4
C. 3 lan 1
D. 4 lan 3

38. Ukara kang nganggo sandhangan wulu ana ing tembung

- A. katon antik lan mangan roti.
B. katon apik lan mangan roti.
C. mangan kenci lan katon apik.
D. mangan roti lan katon antik.

39. “Wajik klethik, gula jawa
luwih becik, sing prasaja.”

Tembung-tembung ing dhuwur menawa ditulis ngganggo akasara Jawa dadi

42. Gagasan pokok paragraf katelu yaiku
- jinise panganan khasa saka Banyumas
 - swasana adhem lan seger njalari akeh wong padha plesir
 - jinise dolanan bocah ing Baturaden
 - akeh rombongan wisata kang plesir
43. Wacan deskripsi ing dhuwur nggambarake....
- nalika aku plesir menyang Baturaden
 - carane dolanan calung
 - swasana ing papan wisata Baturaden
 - tontonan lan aneka jajanan ing Baturaden

Wacan kanggo soal nomer 44 lan 45 !



Gambar wisata ing sisih kiwa iku jenenge Candi Gedong Songo. Candi Gedong Songo mapan ing desa Candi, Kecamatan Bandungan, Kabupaten Semarang, Jawa Tengah. Regane tiket mlebu ing wisata Candi Gedong Songo yaiku Rp. 15.000,00.

44. Candi Gedong Songo iku wisata sing ana ing
- Jawa Timur
 - Jawa Tengah
 - Kalimantan Barat
 - Yogyakarta
45. Gatekna pranyatan ing ngisor iki !
- Candi Gedong Songo mapan ing desa Candi, Kecamatan Bandungan, Kabupaten Semarang.
 - Candi Gedong Songo iku salah sijining wisata ing Jawa Barat.
 - Regane tiket ing wisata Candi Gedong Songo yaiku Rp15.000,00.
 - Candi Gedong Songo iku panggone ana ing Candi Borobudur.
 - Gambar candi ing dhuwur cacahé ana sanga
- Pranyatan kang bener yaiku ...
- 1 lan 2
 - 2 lan 3
 - 1 lan 3
 - 1, 3 lan 5
46. Terusake ukara ing ngisor iki nganggo jawaban kang bener !

|| Prabu Dasarata mabur ||

- Prabu Dasarata
 - Prabu Rahwana
 - Bharata
 - Prabu Ramawijaya
47. Unsur-unsur intrinsik ing sajroning cerkak utawa cerita cekak yaiku tema, paraga, alur, seting utawa latar, amanat lan sudut pandang. Tegese tema yaiku
- ide pokok cerita utawa tujuan utama cerita
 - pesen kang pengen diparingake dening pangripta marang pamaos.
 - papan panggonan, wektu lan swasana kang ana ing sajroning cerita.
 - urut-urutaning prasatawa
48. Adhedasar watake paraga kaperang dadi 3 ,pranyatan kang bener yaiku... .
- protagonis - apik, antagonis- apik, tritagonis - ala
 - protagonis - ala, antagonis - ala, tritagonis - cengkah
 - protagonis – apik, antagonis – ala, tritagonis - pembantu utawa pendukung ng cerita
 - protagonis – apik, antagonis – apik, tritagonis - pembantu utawa pendukung ing cerita

49. Ukara “ Prabu Dasarata ramane Prabu Ramawijaya “ yen ditulis nganggo aksara Jawa sing bener yaiku

- A. ᮊᮥᮕᮥᮒ ᮘᮔ᮪ᮒᮥᮒᮥᮒᮥᮒ ᮊᮥᮕᮥᮒ ᮘᮔ᮪ᮒᮥᮒᮥᮒᮥᮒ
- B. ᮊᮥᮕᮥᮒ ᮘᮔ᮪ᮒᮥᮒᮥᮒ ᮘᮔ᮪ᮒᮥᮒᮥᮒ ᮘᮔ᮪ᮒᮥᮒᮥᮒ
- C. ᮊᮥᮕᮥᮒ ᮘᮔ᮪ᮒᮥᮒᮥᮒᮥᮒ ᮊᮥᮕᮥᮒ ᮘᮔ᮪ᮒᮥᮒᮥᮒᮥᮒ
- D. ᮊᮥᮕᮥᮒ ᮘᮔ᮪ᮒᮥᮒᮥᮒ ᮘᮔ᮪ᮒᮥᮒᮥᮒ ᮘᮔ᮪ᮒᮥᮒᮥᮒ

50. Omong-omongan antarane wong loro utawa luwih (kanca pada kanca, bocah lan wong tuwa, wong tuwa pada wong tuwa) nganggo unggah ungguh sing trep. diarani ...

- A. wawanrembug
- B. pancelathon
- C. sandiwara
- D. diskusi